

PANGAJARAN UPACARA ADAT

A. NULIS

Tujuan:

13. Siswa mampu mengungkapkan perasaan, keinginan, gagasan, penapatan, dan pengalaman secara lisan maupun tulisan.

Baca wacana eksposisi ieu di handap.

UPACARA ADAT KAWINAN DI TATAR SUNDA

Upacara adat kawinan jadi alat atikan nu pinuh ku *silib* pangjurung ludeung, panganterur temen wekel ka nu rék ngamimitian rumah tangga.

Kagiatan upacara adat kawinan di tatar Sunda di antarana: neundeun omong, nyeureuhan, nanyaan, ngaras, seserahan, ngeuyeuk seureuh, siraman, akad nikah, sungkem, sawér, bantayan jeung huap lingkung.

Upacara adat kawinan di tatar Sunda galibna dimimitian ku **neundeun omong**. Neundeun omong téh kedaling rasa kolot manjeujeuhkeun pijodoeun anakna, biasana diasalan ku babalagonjangan kolot ngajak bebesanan.

Nyeureuhan nya éta badami ménta budak awéwé ka kolotna sangkan teu dinikahkeun jeung nu lian. Budak awéwé ku pimitohaeun dicangreud ku duit bari diomongan yén éta duit téh panyeureuh ti calon salakina. Ieu hal acan bisa silih bedokeun, beda jeung *pangreremo*. Pangreremo sipatna maksa ka budak. Matak dina teu jadina sok loba nu *bengkah* jadi kagoreangan. Kitu gé lamun teu sadar teu sadar yén jodo téh ditangtukeun ku Alloh.

Nanyaan/ngalamar enas-enasna sarua jeung nyeureuhan, ménta budak awéwé pikeun dijadikeun minantu. Ari ngalamar waktuna sok geus santek kana akad nikah. Barang panglamar aya nu ku duit, aya ogé nu ku *lepit* (lemareun) nu geus meunang ngabungbuhan. Lamun duit ditarima atawa lepit dilemar ku kolot ti pihak awéwé, tandana lamaran ditarima. Lepit dibuka éta tanda aya nu perlu dimusawarahkeun heula. Teu kurang-kurang barang panglamar dibalikkeun deui tanda lamaran ditolak. **Ngaras** téh calon pangantén ngumbah sampean kolot di imah masing-masing, eusi salib nitah sasadu jeung ménta du'a heula ka kolot.

Ngeuyeuk seureuh dilaksanakeun soré atawa peuting méméh akad nikah. Ngeuyeuk seureuh nya éta masek salib barang nu geus digundukkeun. Anu dipaké salib barang kabutuhan sapopoé dina rumah tangga, seperti lampu ajung jeung palitana, samak, lawon bolas, mayang jambé, beubetian ayakan, jeung sajabana. Waktu ngeuyeuk seureuh pipanganténeun nyanghareupan gundukan heuyeukeun pada ngalalajoan, kajaba budak.

Juru lugu (kokolot nu ngaluluguan) ngeuyeuk seureuh ngamimitian ngadadar salib tina lampu jeung palitan tujuh sumbu nu dihurungeun ku kolot calon pangantén lalaki satutas maca du'a. Sumbu tujuh salib tina jumlah poé, palita diseungeut ngarah caang. Ngandung harti yén hirup dina unggal poéna téh kudu silih elingan kana hadé. Reres ngaguar palita, dituluykeun muka lawon bolas jeung samak rurub gundukan. Ieu ogé sarua dijentrékeun maksudna ka ppipanganténeun. Turub dibuka pangantén rék ngamimitian imah-imah. Ditetelakeun ogé yén maot téh mawa naon-naon, anging mawa amal dibukusna ukur ku boéh (lawon bolas) dibunian ku samak saheulay. Nu aya dina gundukan, kabéh ku juru lugu didadar hiji-hiji nepi ka réngséna. Barang nu dititah dibagikeun, dibagikeun ku pangantén, diteundeun ku pangantén duaan, nu dititah dibagikeun, dibagikeun ku pangantén. Kitu deui, barang sesanan ku juru lugu dititah digotong dipiceun ku pangantén ka jalan ngolécér. Ieu ago silib méré ciri yén di éta tempat aya nu nikahkeun (ngondang meureun ayeuna mah).

Siraman, ngamandian pipanganténeun awéwé ku cai kembang tujuh warna. Ngandung silib ti poé ka poé téh hirup kudu seungit ibarat kembang.

Akad nikah (kayid jangji nikah), tempat jeung waktu dipilih, ditangtukeun ku nu boga hajar. Akad nikah dipingpin ku *naib/lebé* disaksian ku indung bapa dua beulah pihakanana jeung ku balaréa. Pangantén bisa sah nikahna lamun kabéh saksi nyebut sah.

Sungkem tujuanana ménta du'a dilaksanakeun sabada naib réngsé ngadu'a. Tartib sungkem, dimititian ka kolot pangantén awéwé heula, tuluy ka kolot pangantén lalaki, ka naibm jeung ka para saksi.

Sawer, silib tina rasa sosial, sejahtera, wekel jeung sauyunan. Pangantén sabada sungkem dibawa ka panyawéran. Di panyawéran geus disiapkeun korsi jeung payungna. Fungsi tukang sawer, panyambung létak kolot pangantén. **Pok** caritaan ditepikeun ngaliwatan lagu, eusina euyeub ku papatah keur pangantén. Juru sawer ngahaleuang bari ngawurkeun beas, siksik koneng, jeung duit receh ka nu lalajo.

Nincak endog (**bantayan**), nincak élékan, endong jeung meuleum harupat. Endog digolerkeun dina luhureun lawon bodas, ditumpangan elekan sina ditincak ku pangantén lalaki. Suku pangantén lalaki lamokot ku endog, dukumbah ku pangantén awéwé ku cai tina kendi, kendina dipeupeuskeun. Ieu téh silib hirup kudu boga elmu ulah kosong model elekan. Awéwé kudu bakti ka salaki jeung lamun aya rucuk anu kira-kirana ngaganggu kana rumah tangga geuwat ungkuluan ku duaan. Geus nincak endog téh sok dituluykeun kana *buka pintu*. Silib tina buka pintu mépélingan yén bojo tong sambarangan narima semah lalaki lamun salaki keur euweuh di imah.

Huap lingkung acara pamungkas dina upacara kawinan. Pangantén silih huapan nyilibkeun yén ari rumah tangga mah kudu silih bélaan, silih pikanyaah.

Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!

1. Léngkah mimiti kedaling rasa kolot mangjeujeuhkeun pijodoeun anakna ...
 - a. neundeun omong
 - b. nyeureuhan
 - c. ngaras
 - d. nyawér
2. Nanyaan/ngalamar enas-enasna sarua jeung nyeureuhan, ménta budak awéwé pikeun dijadikeun ...
 - a. anak
 - b. minantu
 - c. bésan
 - d. mitoha
3. Lampu jeung palita tujuh sumbu nu dihurungkeun silib tina ...
 - a. ngadu'a unggal poé nu tujuh
 - b. maot paling ukur dibungkus boéh jeung samak
 - c. unggal poé kudu silih elingan kana hadé
 - d. maot téh mawa naon-naon, anging mawa amal.

Jawab ieu soal!

4. Naon tugas juru sawér pangantén dina acara upacara kawinan?
5. Léngkah naon bae nu kudu ditempuh dina upacara adat kawinan Sunda?

1. *Nyusun Surat Ondangan Nikah*

Ku cara nalaah wacana **Upacara Adat Kawinan di Tatar Sunda** di luhur, urang bisa nyieun rupa-rupa surat ondangan, upamana ondangan kawinan sangkan nu diondang datang kana upacara kawinan, ondangan ka tukang nyawér sangkan nyawér pangantén, jeung ondang-ondangan séjénnna. Wangun surat ondangan bisa rupa-rupa luyu jeung wangun surat nu kungsi dipedar di kelas hiji (pangajaran 2 cawu 1, jeung pangajaran 4 cawu 2). Ieu surat ondangan **wangun simétris**, bisa dijueun babandingan.

Bandung, 26 Mei 20 ...

Assalamu'alaikum wr. wb.

Tumut kana galur karuhun ngalaksanakeun tradisi adat,
nonohan sunah rosul kalayan miharep rido sareng rohmat
Alloh Mahakawasa, sing kuring sakulawargi seja ngayakeun
tasyakur ngadahupna pun anak

Wiwin Tjumiatini, S.Pd.

ka

dr. Priatna

dina dinten Ahad
kaping 26 Mei 2003
tabuh 11.00 - 14.00
tempat di Jl. Sersan Surip 162 B Bandung.

Panuhun kaihlasan manah Bapa/Ibu/Saderék kersa sumping
rurumpaheun kanggo ngiring ngadeudeul ku pangdu'a
ka pangantén sakalih. Mugia anu bade balayar tarik jangkar,
ngambah sagara kahirupan, ngawangun rumah tangga téh
apanjang apunjung ginanjar kawilujeungan,
kawuwuh rahayu, janten kulawargi
sakinah, mawaddah, wa rohmah.
Amin.

Wassalamu'alaikum wr. wb.

Kul. Ir. A. Djaelani
Kul Drs. Darmawan

Kul. Drs. H. Rahman, M.Pd.
Kul. Ir. E. Suriatna

Pangantén.

2. Medar Surat Ondangan Nikah

Surat ondangan di luhur babagananana diwangun ku hal ieu di handap.

- a. Ngaran tempat jeung titimangsa:
 - Bandung, 26 Mei 20...
- b. Salam bubuka:
 - Assalamu'alaikum wr. wb.
- c. Eusi surat; tujuan atawa inti pamaksudan, saperti:
 - *tumut kana galur karuhun, ngalaksanakeun tradisi adat, nohonan sunah rosul, kalayan miharep rido sareng rohmat Alloh.*
 - *ngayakeun tasyakur ngadahupna* saha (dahup = nikah), tulis: ngaran jalmana, poé, tanggal, waktu, jeung tempat (leuwih kade tempat dideudeul ku péta/denah sangkan nu diondang teu sasab).
 - panuhun nu diondang sumping ngiring ngadu'akeun sae ka pangantén.
- d. Salam panutup:
 - Wassalamu'alaikum wr. wb.
- e. Nu ngondang:
 - Ngaran kulawarga jeung pangantén

catétan:

- ngaran jeung alamat nu diondang ditulis dina amplop/bungkus surat
- péta atawa denah diasupkeun ka jero amplop

3. *Mariksa Ejahan, Tanda Baca jeung Pilihan Kecap*

Tujuan:

2. Siswa mampu memahami dan menggunakan ejaan bahasa Sunda dengan benar.
- 1) **Aksara gede** (kapital) digunakeun dina ondangan di luhur pikeun nuliskeun *aksara mimiti*:
 - ngaran kota: **Bandung**
 - ngaran bulan: **Juli, Agustus**
 - awal kalimah: **Assalamu'alaikum, Tumut kana galur jsb.**
 - ngaran macakal: **Wiwin, Supriatna, Ahyar, jsb.**
 - jenengan Alloh: **Alloh Mahakawasa**
 - singgétan gelar: **S.Pd., Ir., M.Pd., H. (=haji)**
 - ngaran poé: **Ahad, Senen**
 - ngaran géografis: **Jl. Sersan Surip 162 B Bandung**
 - gaganti kecap sulur: **Bapa, Ibu, Saderék**
- 2) **Maha** ditambah kecap asal *ditulis dihijkeun*: Mahakawasa
- 3) Tanda baca **koma** digunakeun
 - sanggeus ngaran, tempat saketuk saméméh tanggal:
Bandung, 26 Mei 20 ...
 - sanggeus ngaran, saketuk saméméh gelar nu ditulis di tukang:
Tjumiatiini, S.Pd.

- sanggeus salam bubuka, wincikan:
Assalamu'alaikum wr. wb.,
... janten kulawargi sakinah, mawaddah, wa rohmah.
- 4) **Pilihan kecap (diksi)** digunakeun sangkan tandes, bener, ngahormat/narik ati/nimbulkeun simpati nu diondang, saperti:
- *Panuhun kaihlasan manah ... (= henteu maksaa).*
 - *... sumping rurumpaheun* (lemes tina *kersa sumping* biasana ka imah nu jadi sahandapeun).

Purwakanti atawa gaya bahasa gé sakapeung sok digunakeun, saperti:

- ... *balayar tarik jangkar, ngambah sagara kahirupan, ...* maksudna *rumahtangga*.
- ... *apanjang apunjung ginanjar kawilujeungan, kawuwuh rahayu ...,* maksudna *salamet meunang kabagjaan*.

Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!

1. Cara nulis ngaran tempat jeung titimangsa dina surat nu bener nya éta
 - a. Pasir Angin, 2 Juli 20 ...
 - b. Jalan Cagak 2 Juli 20 ...
 - c. Sukamandi 2 Juli, ...
 - d. Buahbatu 2, Juli 20 ...
2. Pilihan kecap (*diksi*) nu pangmerenahna digunakeun dina surat ondangan pesta nikah ...
 - a. mugia mentingkeun waktos kanggo sumping
 - b. panuhun kaihlasan manah kersa sumping rurumpaheun
 - c. acara sanes mah batalkeun bae, panuhun kedah sumping
 - d. teu aya sanes miharep kedah ngaluuhan
3. Nu kaasup bagian awal eusi surat ondangan nikah
 - a. sakitu heula uleman nu kahaturkeun, dipungkas ku ucapan wasalamu'alaikum ...
 - b. ngiring ngajeng-ngajeng kana kasumpingan Bapa/Ibu/Sadérék
 - c. ieu acara téh badé dilaksanakeun kaping 26 Juli 20 ..., tabuh 11.00-14.00, Ruang Balé Desa Gunung Puyuh.
 - d. Tumut kana galur karuhun, ngalaksanakeun tradisi adat, nohonan sunah rosul, kalayan miharep rido sareng rohmat Alloh.

Jawab ieu soal!

4. Babagian surat ondangan téh naon bae?
5. Salin surat ondangan nikah di luhur kana wangun surat **gaya balok sampurna!**
4. *Ngagunakeun Wangun Kecap: Rarangkén Hareup*

Tujuan:

4. Siswa mampu memahami dan menggunakan bentuk kata (wangun kecap) dalam kalimat.
- a. **Rarangkén hareup ba-**

Dina surat ondangan di luhur aya kecap *balayar* (kecap asalna layar maké rarangkén hareup *ba*-).

Rarangkén *ba*- fungsina ngawangun kecap **pagawean**, saperti dina kecap:

- dami - badami
Badami pikeun ngayakeun upacara adat.
- darat- badarat
Ka ondangan téh urang **badarat** bae.
- labuh - balabuh
Kapal téh **balabuh** di Supitan Sunda.
- rempug - barempug
Lamun rék ngalamar téh kudu **barempug** heula.

b. **Rarangkén hareup *per*-**

Rarangkén *per*- fungsina ngawangun kecap **barang**, saperti dina kecap:

- lambang - perlambang
Kembang téh jadi **perlambang** asih.
- mata - permata
Pangantén aya nu dihiasan **permata**.
- tanda - pertanda
Cingcin kawin téh **pertanda** geus kawin?

Rarangkén *per*- fungsina ngawangun kecap **sipat**, saperti dina kecap:
-

- bawa - perbawa
Perbawa loba duit sok hayang sagala dibeuli.
- watek - perwatek
Perwatek julig dilarang ku agama naon bae ogé.

c. **Rarangkén hareup *sang*-**

Rarangkén *sang*- fungsina ngawangun kecap kaayaan, saperti dina kecap:

- hareup - sanghareup = nyanghareup
Aya nu teu wani **sanghareup** ka anjeunna.
- hulu - sanghulu = nyanghulu
Ucing ngagolér **sanghulu** ngidul.
- landeuh (lebak) - sanglandeuh = nyanglandeuh
Katingal maneh keur **sanglandeuh**.

Rarangkén *sang*- kurang produktif (kalimah di luhur karasa asa henteu mérénah, arang digunakeun), tapi lamun ditambah morfem séjén (rarangkén, réjékan) karasa mérénah, saperti dina:

- sanghareupkeun
- sanghareup-sanghareupkeun
- disanghareupkeun
- sanghareupaneun
- disanghareupan, jst.

Rarangkén *sang-* lebah wianjana (konsonan) **s** sakapeung sok robah jadi **ny** atawa **n**.

- hareup -sanghareup = nyanghareup = nanghareup

d. Rarangkén hareup ting-/pating-

Rarangkén hareup ting-/pating- fungsina ngawangun kecap pagawéan, saperti dina kecap:

- gorowok - tinggorowok/patinggorowok
Di nu hajat mah euweuh nu *tinggorowok/patinggorowok*
- belesat - tingbelesat/patingbeleset
Kembang api *tingbelesat/patingbelesat* ka awang-awang
- geuleuyeung - tinggeuleuyeung/patinggeuleuyeung
Beus di terimal *tinggeuleuyeung/patinggeuleuyeung*
- kedut (karedut) - tingkaredut/patingkaredut
Biwir jeung halis katuhu kekerenyedan *tingkaredut/patingkaredut*.

e. Ngagunakeun kecap réjékan binarung rarangkén: sa-R-na

Réjékan binarung rarangkén *sa-na* fungsina ngawangun kecap sipat, saperti dina kecap:

- adil - saadil-adilna
Saadil-adilna jalma moal saadil Nu Mahaadil
- bageur - sabageur-bageurna
Sabageur-bageurna ge ucing, lamun urang talobeh mah lauk dina piring alas sok dipaok
- jujur - sajujur-jujurna
Hirup kudu sajujur-jujurna, ulah kagoda ku ruruba
- buni – sabuni-bunina
Sabuni-bunina tarasi awal ahir bakal kaambeu
- bodo – sabodo-bodona
Piraku teu percaya *sabodo-bodona* ge lulusan sakola luhur, moal sarua jeung nu teu kungsi diajar

5. Ngagunakeun Kecap Panambah

Tujuan:

3. Siswa mampu memahami dan menggunakan jenis kata (warna kecap) dalam kalimat.

a. Kecap panganteb

Dina wacana di luhur aya kecap **téh** dina kalimah:

- ... jodoh **téh** ditangtukeun ku Alloh.

Kecap téh kaasup kana kecap panganteb. Kecap panganteb séjenna saperti: *tea, ogé, baé, pisan, teuing, deui, jeung pohara-na*.

Conto:

- Sikep barudakna *téa* nu nangtukeun.
- Barang panglamar aya *ogé* nu ku lepit (lemareun)
- Barang panglamar dibalikkeun *deui* tanda lamaran ditolak.
- Di nu kawinan loba *pisan* dahareun.
- Surat ondangan ulah elat *teuing* katarimana.
- Teu panggih mah surat ondanganna *bae* titipkeun.
- *Pohara bungahna* nu diondang datang.

Kecap panganteb fungsina pikeun ngantebkeun (nandeskeun) bagian nu dianggap penting.

b. Kecap panganteur

Dina wacana di luhur aya kecap *atuh* jeung *pok* dina kalimah:

- Atuh, wakil ti pihak pangantén lalaki sok miheulaan.
- Pok caritaan ditepikeun ngaliwatan lagu.

Kecap atuh jeung sok kaasup kana kecap panganteur. Ari kecap panganteur téh fungsina jadi panganteur (bisa panganteur kecap pagawean, bisa panganteur kecap kaayaan/sipat), larapna bisa dina frasa atawa dina klausa.

Kecap panganteur séjenna saperti: *cong, jrut, leos, bray, reup, tep, ger, cep, pes, lat, pleng, gidig, kerewek, jleng*.

Conto:

- cong nyembah
- léos indit
- reup peureum
- tep panas
- cep tiis
- lat poho
- gidig leumpang
- jleng luncat
- jrut turun
- bray listrik caang
- blus asup
- ger sarurak
- pes pareum
- leng ampleng-amplengan
- kerewek nyekel

c. Kecap pangantet

Dina wacana di luhur aya kecap ka dina kalimah

- ... panganteur temen wekel ka nu rék ngamimitian rumah tangga.

Kecap nu model kitu téh disebut kecap pangantet, lantaran ngantetkeun dua bagian kalimah antara caritaan jeung keterangan atawa ngantetkeun jejer jeung caritaan, nu nandakeun aya hubungan.

Kecap pangantet aya sabaraha rupa, pangantet: *diréktif, agentif, relatif, jeung artikel*.

- 1) Kecap pangantet diréktif (langsung), saperti: *di, dina, ka, kana, ti, tina, luhureun, gigireun, jeung ceuk*.

Conto:

- *di tatar Sunda*
- *ka pimitohaeun*
- *ti calon salakina*
- *luhureun imah*
- *ceuk beja*
- *dina unggal poéna*
- *kana akad nikah*
- *tina kamekaran*
- *gigireun lomari*

- 2) *Kecap pangantet agnétif (palaku): ku*

Conto:

- *ieu basa kudu dihirupkeun ku urang*
- *kahadéan manéhna kudu dunuhunkeun ku urang.*

- 3) *Kecap pangantet relatif (panangtu/gaganti panyambung): nu*

Conto:

- *Teu hadé, nu asih dipulang sengit.*
- *Tah, ieu nu anyar, lain nu heubeul, jeung lain nu ti ditu.*

- 4) *Kecap pangantét artikel (sandang): saperti kang, ki, para, sakadang, si, tetéh, jeung neng.*

Conto:

- *Kuring nepungan Kang Drs. Aat.*
- *Saha nu nepungan Ki Sadiho?*
- *Pribumi nampi para tamu.*
- *Dina dongéng Sakadang Kuya jeung Maung aya pieunteungeun.*
- *Ceuk saha si Tumang jelema?*
- *Tétéh Lilis pantes dijieg dulur.*
- *Ibu pendak sareng Neng Lina Suminar.*

Kecap pangantét diperenahkeunna saméméh kecap/frase/klausa/kalimah nu dikantétanan, ditulisna kudu misah.

d. Kecap panyeluk/bituna rasa

Nyarita téh ngedalkeun rasa nu ngancik dina hate nipi ka matak nimbulkeun nu ngaregepkeun nangkep maksud luyu jeung rasa nu ngancik dina haté nu nyarita. Di dieu nu nyarita ngagunakeun kecap-kecap bituna rasa, nu dipaké ngedalkeun rupa-rupa rasana.

Kecap panyeluk (*interjéksi*)/bituna rasa gunana pikeun ngebrehkeun sora bituna rasa, saperti rasa bungah (*alhamdulillah, horé*), geuleuh (*ey, iy*), keuheul (*ih, huh, na yeh*), reuwas (*ambuing, geuning, horéng, wah*), sedih/nyeri (*aduh, alah*) jeung tumamprak/pasrah (*ah, ehm*).

Conto:

- *Hore*, urang dibagi hadiah!
- *Iy*, piraku marus didahar, pan haram!
- *Na*, pikaambekeun bae batur atuh polah téh!
- *Wah*, piraku aya ondangan berhadiah onaman!
- *Aduh*, aya nu kasarumahan di nu hajat!
- *Ah*, abdi mah pasrah bae, teu langkung Anjeunna Nu Kawasa, dan usaha mah parantos!

Sabenerna mah bituna rasa téh bisa dikedalkeun maké ungkara kalimah séjén, teu maké kecap panyeluk/bituna rasa, saperti:

- Saumur hirup kakara manggih nu modél kitu!
- Na éta jelema, teu ka saha teu ka saha ngan kitu baé!

Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!

1. Rarangkén anu fungsina ngawangun kecap sipat aya dina kecap nu dicitak kandel kalimah ieu di handap.
 - A. **Perbawa** loba duit sok hayang sagala dibeuli.
 - B. **Badami** pikeun ngayakeun upacara adat.
 - C. Lamun rék ngalamar téh kudu **barempug** heula.
 - D. Kembang téh jadi **perlambang** asih.
2. Rarangkén hareup nu fungsina ngawangun kecap pagawean aya dina
 - A. Kembang api **tingbelesat/patingbelesat** ka awang-awang.
 - B. **Perbawa** loba duit pok hayang sagala dibeuli.
 - C. **Sabodo-bodona** gé lulusan sakola luhur, moal sarua jeung nu teu kungsi diajar.
 - D. Maké cincin kawin téh **pertanda** geus kawin?
3. Kecap-kecap saperti: *tea, ogé, bae, pisan, teuing, deui, pohara- - na*, kaasup kana kecap
 - A. panyeluk
 - B. panganteur
 - C. panganteb
 - D. pangantét

Jawab ieu soal!

4. Lengkepan ku kecap nu mérénah:
Manehna jrut...., leos, jleg kana luhur panggung.
5. “Na, ngan kitu bae ti bareto!
“Leuh, geuning kitu!”
“Wah, piraku teu euih-euih!”

Kecap na, leuh, jeung kaasup kecap

B. MACA

Tujuan:

12. Siswa mampu mengapresiasi berbagai bentuk, isi, dan jenis karya serta mendiskusikannya.

1. Maca Pupuh Gambuh

GAMBUH

*Lah tobat bati bingung,
Nikah perlu tradisi perelu,
Ngudar jangji ka mana nya harga diri,
Lanca-linci duh teu lucu,
Ieung hemeng bureng kantong.*

2. Nganalisis jeung Nyawalakeun Unsur Pupuh Gambuh

Pupuh Gambuh saperti pupuh séjénna boga katangtuan:

- a. jumlah padalisan
- b. jumlah engang unggal padalisan,
- c. guru lagu unggal-unggal padalisan, jeung,
- d. watek (watek pupuh Gambuh: tambah laku/bingung/samar polah).

Ieu di handap aya soal perkara unsur pupuh Gambuh, pek sawalakeun!

Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban!

1. Sapada pupuh Gambuh aya ... padalisan.
 - A. dua belas
 - B. sapuluh
 - C. tujuh
 - D. lima
2. Jumlah engang padalisan katilu pupuh Gambuh
 - A. tujuh enggang
 - B. dalapan enggang
 - C. dua belas enggang
 - D. lima belas enggang
3. Sapada pupuh Gambuh aya padalisan anu guru laguna u
 - A. dua
 - B. tilu
 - C. opat
 - D. lima

Jawab ieu soal!

4. Lanca-linci duh teu lucu
Ungkara kalimah model kitu pantes dijieun padalisan ka- ... pupuh Gambuh
5. Tulis tilu watek pupuh Gambuh!